



Deklarasyon pou Laprès

**POU PIBLIYE IMEDYATMAN 6/27/25**

**Koalisyon MIRA Reyaji sou Desizyon Tribunal Siprèm sou Desizyon  
Administrasyon Trump la pou Fini ak Dwa Sitwayènte pa Nesans**

**BOSTON, MA** – Koalisyon Defans Imigran ak Refijke nan Massachusetts (MIRA) pibliye deklarasyon sa kòm repons sou desizyon Tribunal Siprèm Etazini pran pou retire pouvwa tribunal ki pi ba yo te genyen pou bloke aksyon Prezidan Trump lan pou mete fen nan dwa sitwayènte pa nesans nan tout peyi a.

“Desizyon Tribunal Siprèm lan jodi a pou rejte entèdiksyon tribunal ki pi ba yo ap bay opòtinite pou chak eta deside kilès ki sitwayen Ameriken e ki moun ki pa. Prezidan Trump lan lanse anpil atak sou kominate imigran yo, epi lè Tribunal Siprèm lan kite politik sa a kontinye san entèvansyon pandan tribunal ki pi ba yo poko deside, se yon wont,” se sa Elizabeth Sweet, Direktris Egzekitif Koalisyon MIRA, te di. “Tribunal yo rekonèt 14yèm Amannman an depi plis pase yon syèk, epi desizyon sa a pap anpeche Koalisyon MIRA kontinye batay pou dwa imigran yo nan Massachusetts e atravè peyi a.”

###

Koalisyon Defans Imigran ak Refijke nan Massachusetts (MIRA) se pi gwo òganizasyon san bi likratif nan rejon New England ki angaje pou defann dwa ak enklizyon imigran ak refijke yo.